

Yon prensip konduit pèsònèl

Tanperaman



“Li pi bon pou dousman pase pou popilè.” Pwovèb 16:32

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Nou ta dwe konprann pa genyen anyen mal si nou genyen yon tanperaman fò. Tanperaman se fòs ki fè nou avanse. Gen yon diferans ant moun ki fò epi moun ki fèb. Anpil moun mande Bondye pou elimine tanperaman yo. Sa se yon erè—tanperaman nou se yon kado, se fòs nou, epi nou ta dwe di Bondye mèsi pou sa. Majorite antreprenè genyen yon tanperaman ki fò ki bayo enèji ak volonte pou yo reyalize bi yo.

Tanperaman se tankou gazolin—plis tanperaman fò, pli oktav li oswa valè li wo. Toulede gendwa eksplozif epi danjere. Si nou pa fè atansyon epi nou ga genyen kontwol sou gazolin nan, li va boule kay nou, men li kapab itil epi valab tou. Bondye di nou “... nou mèt fè kòlè men pa fè peche,” sa ki vle di nou pa ta dwe elimine yon bagay paske l danjere, men nou dwe fikse règ sekirite yon fason pou nou fè bon lizaj valè li.

Menmjan an, panse nou pa ta dwe elimine tanperaman nou, men li dwe kontwòle li. Kalme li—pa kite l glise. Mete règ sekirite epi pwofite enèji l kreye. Lè nou ankòlè nou gen plis fòs; nou kapab travay pi di epi reyalize plis bagay. Sa pa afekte lespri nou sèlman men li bay tout kò nou enèji tou. Men ak menm enèji sa a nou kapab vin restriktif tou. Nou kapab bay moun

kou oswa kraze bagay, oswa di mo ki va detwi relasyon nou epi fè nou pèdi kredibilite

Donk, lè nou santi kòlè nou ap monte nou dwe reflechi sou sa nou pral fè epi ki efè li va genyen sou nou ak moun ki nan zantouray nou. Sa se jere tanperaman nou pandan nap itilize enèji li nan yon fason ki pozitif. Moun ki genyen siksè òdinèman gen tanperaman ki fò, men yo aprann reflechi anvan yo reyaji. Se pou sa yo vin popilè epi yo vin rekonèt yo kòm moun ki saj. Kontwol tanperaman fòme karaktè ak kredibilite. Donk kijan nou kapab jere tanperaman eksplozif nou? Konsidere pwèn sa yo:

1. Toujou veye danje potansyèl li.
2. Toujou konsidere sa reyaksyon w kapab koute w.
3. Wè valè tanperaman w epi itilize enèji l byen.
4. Relache enèji ki twòp l a nan

espò konpetisyon oswa pwogram egzèsis

Tout moun ki bon konnen sa yo rele genyen yon tanperaman ki fò. Men yo konnen tou kijan pou yo disipline l. Menm plant, pye bwa ak flè mande pou yo koupe branch ki pouse sovaj yo pou yo kapab pwodui fwi. Tout bagay ki gen valè merite yo jere l epi kontwòle l, otreman li va pèdi valè li.

Donk, di mèsi pou tanperaman w, pa kite l chofe twò vit ousinon ou va boule moun sou kote w. K A L M E li. Itilize chalè a pou chofe kè ki frèt nan zalantou w epi yo va vin rekonèt ou kòm yon moun saj ki genyen kontwol tèt li.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:
Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Tanperaman se yon kado si sèlman nou pa genyen pou nou di “Mwen regrèt”.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete